éman kétjalan brana arta, ing pangangkah amoeng badé damel madjeng sarta rahadjenging bangsa saha tanah kita Indonesia.

Saking pangadjeng-adjengipoen Pangrèh, moegi K. W. ingkang saweg mendo nandang kemba poenika énggala kaklempak kekijatan goemrégah noetoeti kantja-kantjanipoen.

— o —

*Arta kas P. K. W.* Sasampoenipoen saldo tn. 1928 kapétang kalijan lebeting arta ladjeng kasoeda arta ingkang medal, akiring taoen 1929, P. K. W. gadah arta: f 269,27.

(N. B. djèrènganipoen tjalon kawrat ing Swara Tm. tjandakipoen. *Red.*)

*Verificatiecommisie:* Kanggé kas P. K. W.: sadèrèk Toegiana, Dwidjajoewana, Dirdjasoesiswa; Kanggé kas: Roekti Woeri: sadèrèk C. Soegiri, Padmawijata, R. M. Djaja Éndra; Kas Sw. Tm.: R. M. Moerda Atmadja, R. M. Hardjadiningrat, M. Soemandar; Kas v. Lith Fonds: R. M. Hardjadiningrat, R. M. Moerda Atmadja, Toegiana.

Bakda poenika ladjeng sesorah bab: babadipoen Actie Katholiek Sociaal.

**Sesorah prof. J. J. van Rijckevorsel bab:**

## BABADIPOEN ACTIE KATHOLIEK.

Rantjangan sekawit, pandjenenganipoen prof. J. J. van Rijckevorsel badé medar sabda basa Wlandi, ladjeng sadèrèk C. Soegiri ingkang ngandaraken mawi basa Djawi. Rèhné sakalih-kalihipoen sami menggaliha soeraos, mila ingkang ndjalèntrèhaken ladjeng sadèrèk Soegiri mawi basa Djawi. Sesorah waoe kirang langkoeng, kados ing ngandap:

*Katholieke Actie* poenika poenapa?? (Pènget. Temboeng Katholieke Actie poenika ateges: Katholieke Sociale Actie, oetawi Actie Katholiek babagan Sociaal. — A. S. D.).

„Katholieke (Sociale) Actie mono pambijantoening wong Katholiek loemrah amrih koentjaraning Agamané.” — makaten dawoeh pangandika dalem I. S. K. S. Rama Pius XI.

Oedaranipoen prakawis poenika wonten tigang prakawis i.p. a) pandamelanipoen tijang Katholiek limrah (leeken) pijambak: b) ambijantoe pakarjanipoen imam lan Sampéjan dalem Kg. S. Rama pijambak; c) Mangrasoel krida, artosipoen andjembaraken piwoelang Dalem Sri Jésoes.

Sasampoenipoen kita mangretos prakawis tigang warni kaseboet nginggil, kita ladjeng katoewoehan pitakèn: *„Kaprijé babad-babadé Katholieke Actie, lan kaprijé toemindaké dèk djaman koenané?”*

Kanggé mangsoeli pitakénan poenika, kita kedah mangertos babad donja. Babad donja poenika waoe, kénging kapérang dados kalih pérangan, i.p. 1) Wiwit doemadosipoen Pasamoewan Katholiek doemoegi djaman soengsang boewana balik ing nagari Parangakik (Fransche revolutie). 2) Wiwit djaman dahoeroe ing Parangakik waoe doemoegi titi mangsa poenika.

*Djaman doemadosipoen Pasamoewan Katholiek doemoegi dahoeroe Parangakik.* Rikala djaman semanten, inggih sampoen wonten Actie Katholiek. Nanging inggih béda kalijan Actie Katholiek ing djaman sapoenika. Manawi pangandika dalem I. S. Pius XI bab Actie Katholiek, kanggé wewaton niti priksa poenapa tegesipoen Actie Katholiek ing djaman roemijin, kita ladjeng saged mastani, bilih Actie Katholiek waoe dédé pakarjan mligi kanggé soekma (zielezorg) ingkang tansah katindakaken para pandjenengan dalem Kg. Paus, para Biskop toewin imam; ananging sadaja pakarjan sadjawining zielezorg, ingkang kaéwokaken pakarjaning Pasamoewan Soetji.

Manawi makaten ladjeng kados-poendi lampahipoen Actie Katholiek Sociaal djaman samanten? Mesti kémawon warni-warni lan katah. Djer wiwit mala boeka mila, Pasamoewan Katholiek tansah anglampahi paring Dalem toelada Sri Jésoes Kristoes adamel basoekining rohani lan djasmani, mandar oegi ngoedi katjekapaning gesang, poenapadéné inggiling adab (beschaving) oemoem. Lan toemrap prakawis poenika, langkoeng-langkoeng kedah tetijang Katholiek dédé ngoelama ingkang kedah toemandang ing damel, oetawi inggih tetijang ingkang boten gadah sasanggèn-sasanggèn awrat kados para imam.

Ing „Kitab Lelampahanipoen para Rasoel” sampoen wonten para Diaken ingkang pinatah angrembag dananipoen tetijang Katholiek toewin tedanipoen tetijang miskin. Boten let dangoe, ladjeng wonten wihara-wihara (kloosters) ingkang ing sakawit namoeng kanggé noetjèkaken badanipoen pijambak, nanging béndjingipoen ladjeng oegi dados toeking pitoeloengan dateng tetijang miskin, onderwijs, toewin pangoedi toemrap kagoenan. Déné ingkang sami mesoe sarira wonten salebeting wihara waoe, sapérangan ageng Broeder-broeder dédé Imam.

Sareng para monnik waoe, boten katjonggah ngajomi badé komboeling adab, kasoesastran lan kagoenan déning pangrabasanipoen bangsa Arab, Saraceen, Toerki, ......... ing ngrikoe ladjeng wonten wihara-mangsah-joeda (de klooster der strijdbare ridder monnikken). Wihara-mangsah-joeda poenika waoe andjadjari monnikken-orde kaseboet nginggil, sarta ladjeng njandak dedamel, perloe kanggé ngekahi oetawi ngrebat wangsoel warisaning loeloehoeripoen. Nanging, béndjingipoen ingkang anandangi Actie Katholiek inggih ladjeng tetijang limrah malih.

Sareng para kruisridders dalah panoentoenipoen, poenapadéné para monnikken-kruisridders anggènipoen ngajomi Pasamoewan Soetji toewin Nagari saged kasembadan mangsoelaken tentreming pradja, ing ngrikoe adjenging adab ladjeng ambabana neda sakolahan inggil ....... Sampoen mesti kémawon toemrap wontening pamoelangan loehoer poenika waoe, para Kg. S. Rama. Kg. Biskop toewin imam katah sanget lelabetanipoen. Éwadéné piwoelang-piwoelang ing ngrikoe, ingkang sapérangan ageng inggih kapasrahaken dateng tetijang Katholiek dédé ngoelama. Ing ngrikoe tebaning Actie Katholiek Sociaal ladjeng wewah énggal, ....... lan ing saindenging djagad Katholiek sami amboedidaja adjenging pasinaon inggil. Para maha siswa kala abad tengahan sami kadjèn kèringan wonten poendi-poendi.

Katjarijos, Pasamoewan Katholiek anggènipoen memajoe ajoening djagad rikala semanten meksa wonten sambékalanipoen. Radjabrananipoen tijang ingkang ngantos tirah-tirah, andjalari sami tebih kalijan Pangéran; sami dados ketters. Saja ndedeling kasoegihanipoen ingkang sagolongan, ndjalari saja mlaratipoen golongan sanès ing dalem maatschappij. Kasangsaranipoen golongan mlarat langkoeng-langkoeng ingkang sami nandang sakit, saja ageng. Kanggé ambéngkas kawontenan waoe, Hjang Djoeroe Roemeksa ngarsakaken wontening klooster-orden djaler toewin èstri pinten-pinten ingkang sapérangan ageng kadadosan saking tetijang limrah, preloe ambangoen raos Katholiek wonten salebeting manahipoen tetijang waoe. Kagem majaraken kasangsaranipoen para mlarat, Pangéran ngarsakaken wontening orde Mercedarii toewin orde Tinitarii kanggé neboes para réntjang toembasan; orde Camelianen jasanipoen St. Johannes de Deo kanggé ngoepakara tijang sakit; orde Somachus, S. Ursula lan wasana orde Sarékat Jésoes kanggé moemoelang laré-laré, langkoeng-langkoeng laré-laré kapinten. Orde-orde énggal poenika waoe wonten ingkang pakempalanipoen imam (priester-orden), dados boten kénging kagolongaken Actie Katholiek Sociaal. Nanging ingkang katah inggih pakempalanipen tetijang limrah (leeken-orde) oetawi congregatie-congregatie. Déné ingkang pakempalanipoen imam kadosdéné Sarékat Jésoes, poenika margi jejasanipoen kadosta Maria Congregatie, nama ambijantoe tetijang Katholiek limrah dateng Actie Katholiek. Inggih kados makaten poenika déné ing djaman kina katah tetijang Katholiek sami tandang damel wonten madyaning Actie Katholiek Sociaal, sarana mlebet dados warganing Maria Congregatie, oetawi dados warga Orde S. Franciscus lan Dominicus nomer tiga. (Derde Orden van S. Franciscus en Dominicus).

Kadjawi poenika wonten malih golongan ingkang ageng toer langkoeng katawis malih menggahing sesipatan ingkang mratjihnani dados tebaning Kath. Actie, i. p. gilden toentoenanipoen Pasamoewan Kath. oetawi ingkang sineboet: pakempalan-pakempalan toenggil-damel ing abad tengahan (middeleeuwsche vakvereenigingen). Pakempalan poenika waoe ingkang ginajoeh boten namoeng kamadjenganing economienipoen para warga, toewin pangaribawa ageng toemrap politiek; oegi ngèsti andjembaraken Karadjan Dalem Sang Kristoes wonten ing manahipoen para kaoem berah. Pakempalan-pakempalan poenika waoe anggadahi Santo Pangajoman pijambak, altar pijambak; malah wonten ingkang gadah Grédja oetawi Kapèl pijambak. Warga-warganipoen sami sregep moeljakaken dinten-dinten ageng Katholiek, poenapadéné migatosaken sanget palajatan, mrelokaken sanget angoentabaken lajoning warga dateng koeboer. Poenika waoe sadaja andjalari moengkoeling gesangipoen, kandas dateng mangrasoel krida, ingkang toendonipoen saged ngangkat pakarjan-pakarjan loehoer.

Ingkang katah èmperipoen kalijan Actie Katholiek djaman samangké, poenika „Geestelijke Broederschappen” ingkang anggoegoelang warganipoen tetoeloeng ing sesami, lan terkadang kanggé preloe poenika inggih mawi anglempakaken banda katah. Menggah lelabetanipoen, awoedjoed: grija sakit pinten-pinten, grija kanggé moelasara tetijang woeta lan boedeg, damel pondokan kanggé para tetijang soedjarah, l. s. s. Sanadyan ingkang maringi palilah oetawi ingkang sok jasa, ngarsa dalem I. S. K. Paus oetawi Kg. Biskop pijambak, nanging ingkang dados warganipoen inggih tetijang limrah, lan roewet rentengipoen kapasrahaken tetijang waoe. Malah wonten ing grija-grija sakit lss. waoe, tetijang limrah kerep kémawon pikantoek sesanggèn awrat, langkoeng-langkoeng wonten salebeting jejasan-jejasan ingkang gegajoetan bab arta kadosdéné Monte di Pieta (Goenoenging Kadarman) ingkang jasa grija-grija pagantosan ingkang babarpisan boten nama ngeroek. Inggih leres ingkang ada-ada toewin andjembaraken poenika waoe ngoelama imam poetra St. Franciscus, nanging inggih boten nilar pambijantoenipoen tetijang limrah.

Éman sanget déné jajasan-jajasan waoe katah ingkang sirna déning koerdanipoen ngèlmoe Protestant toewin dahoeroe ing Parangakik. Katjarijos tandangipoen soengsang boewana balik ing nagari Parangakik sakalangkoeng anggegirisi, gilden lan broederschappen dipoenleboer; Derde Orde lan Maria Congregatie dipoenbibaraken,; monnikken-orde, jajasan-jajasan soetji, grija-grija sakit lan pondokan tijang-soedjarah maatoes-atoes, sami kasirnakaken. Sipating djagad malih dados angkara moerka, kados batara Kala, tanpa gadah welasan. Kaoem berah ingkang boten gadah pakempalan, boten gagadahan poenapa-poenapa, sami pepes tanpa daja tatandingan kalijan kaoem madjikan ingkang soegih toer koewasa. Tetijang Katholiek ingkang tanpa pakempalan pepes oegi adjeng-adjengan kalijan Paréntah anti Katholiek. Inggih kala samanten poenika goemingsiring kawontenan: Paréntah ingkang waoenipoen adedasar Kristen lan malah sapérangan ageng adedasar Katholiek, ladjeng malik grémbjang dados Paréntah tanpa Agami. Pisahing Pasamoewan kalijan Nagari, dipoenteroes-teroesaken ngantos doemoegi laladaning kagoenan toewin kawroeh, lan wasananipoen inggih dipoenladjengaken malih doemoegi hoekoem nagari toewin kasoesilan; toemoesipoen mahanani wontening pangoeja-oeja modèl énggal ing djaman sapoenika; mahanani wontening kasangsaran énggal, poenapadéné pandjerit énggal neda pitoeloengan.

Inggih kasangsaraning djaman énggal waoe, ingkang andjalari lahiripoen moderne Katholieke Actie ingkang ngrembaka saking sakedik ngantos dados pakempalan kados ingkang kita mangretosi samangké.

Dados, sapoenika kita angrembag Actie Katholiek ing: *djaman sabakdanipoen dahoeroe Parangakik.*

Rembag poenika kénging kapérang dados kalih. Ngantos kinten-kinten doemoegi tengah-tengahanipoen abad ingkang kapengker, Pasamoewan Soetji ngetog karosan amrih sadaja kepitoenanipoen ingkang margi dajaning Fransche revolutie, saged poelih malih. Ngetog karosan ambangoen wihara-wihara, njoeboeraken malih Broederschappen lan Congregatie-congregatie, nglarasaken onderwijsipoen kalijan djaman énggal. Katah sanget tetijang limrah ingkang pinoendjoel sami ambijantoe karsa dalem Kg. Paus ingkang makaten waoe, kadosta von Görres ing Djerman, J. de Maîstre Parangakik, Anna Maria Taigi ing Itali, Jhr. Sasse van Ysselt ing Nederland. lss.

Katah sanget pakem-pakempalan énggal ingkang ngèsti gesang oetami oetawi mangrasoel krida, kadosta pakempalan S. Vincentius a Paulo ingkang ageng sanget lalabetanipoen toemrap kaoem berah; pak. Brurone Lanteri ing Turijn ingkang ngadegaken pakempalanipoen tetijang limrah anama „Among Mitra Katholiek” toewin Pakempalan „Among Mitra Katholiek” poenika waoe sedyanipoen angekahi lan anoelaraken dedasar-dedasar Katholiek, sarana serat kabar „L amico d, Italia” — „Mitrané Itali.” Margi wontening pakempalan-pakempalan poenika sampoen mesti kémawon kawontenanipoen ladjeng loemajan, tetijang alit ingkang sangsara saged kapitoeloengan, dedasar-dedasar Katholiek ingkang roemijin dipoensoewijah, dipoenanggé malih. Nanging kawoeningana, actie-actie waoe namoeng dlemok tjoeng, tanpa tatangsoel, toer tetijang limrah kerep sok kelèntoe tampi, satemah boten patos ngaosi dateng Actie Katholiek.

Katholieke Actie ingkang damel koentjaraning titimangsa poenika, wiwitipoen kinten-kinten taoen 1850. Kala samanten ing Zwitserland djoemedoel Piusverein, — ing Djerman wonten Katholischer Verein, — ing Inggris wonten Catholic Union, — ing Parangakik wonten de Ligue pour la Défense de l' Eglise, — ing Itali wonten Pakempalan Katholiek kanggé kamardikaning Pasamoewan Soetji, — ing Nederland wonten de Katholieke Assosiatie.

Nanging pakempalan-pakempalan waoe taksih wonten salebetipoen mangoen perang, tradjangipoen sami njengkah-njengkah, déning pados kamardikan. Pramila pakempalan ing Itali inggih ladjeng kémawon dipoenbibaraken Paréntah vrijmetselaar ing Turijn. Katholiek Assosiatie ing Nederland inggih boten ngantos saged ageng.

Déné ingkang wiloedjeng, i. p. pakempalanipoen para moeda Katholiek Itali (Italiaansche Katholieke Jongelingenbond) madegipoen kala taoen 1868. Margi kanèmaning warganipoen pakempalan waoe saged wiloedjeng, sarta ladjeng dados widjining gesang Katholiek ing pawingkingipoen. Pakempalanipoen para moeda poenika waoe ladjeng goemarégah, tiwikrama, anglempakaken sadaja wandawa Katholiek ing Itali sami tinangsoelan kekah. Kala taoen 1874, pangarsanipoen, graaf G. Acquaderni, ngadani pakempalan „Het Werk der Kath. Congressen” lan toemrap Itali toewin saindenging djagad Katholiek, kala samanten tetep ameningi kala mangsa énggal kanggé Actie Kath.

Roemijin-roemijinipoen, tetijang Katholiek anggènipoen jasa pakempalan-pakempalan, kanggé ngajomi dedasar-dedasar Katholiek (tot verdediging der Kath. beginselen). Nanging sapoenikanipoen ladjeng amrelokaken actie sociaal, lan ladjeng sami katindakaken ing tanah-tanah Katholiek. Ing poendi-poendi ladjeng wonten pakempalan sociaal, tetijang sami amrasoedi pasinaon sociaal. Actie sociaal poenika waoe saja santer, sareng ngarsa dalem I. S. K. S. R. Leo XIII angedalaken nawala Rerum Novarum angrembag kawontenanipoen para kaoem berah. Djalaran anggénipoen sami djordjoran lan tjetjengilan kala taoen 1907 ngarsa dalem Sri Nata Pandita Pius X kapeksa ambibaraken pakempalan het Werk der Italiaansche Congressen kaseboet nginggil. Nanging ing Djerman ladjeng djoemedoel wonten Kath. Volksverein ingkang sanget andadosaken danganing panggalih dalem para Kg. Paus, sarta inggih ladjeng tinoelad tetijang Katholiek Itali. Déné pakempalan poenika waoe ingkang katengenaken prakawis actie sociaal, sarta pendak taoen sami ngadani papanggihan sawatawis dinten manggèn ing kita-kita ageng ing nagari Itali.

Boten dangoe, Itali meningi kala mangsa ingkang damel moendoering pandamelan-pandamelan sociaal. Ingkang makaten waoe boten kok margi ngarsa dalem I. S. Kg. S. Rama boten najogjani oetawi manggalih boten preloe, nanging margi pakempalan-pakempalan-toenggil-damel waoe kabibaraken déning Paréntah Itali énggal, toer dipoendjandjèni bilih betahipoen para alit badé kamanah déning babadan-babadanipoen paréntah. Pakarjan sociaal makaten tansah gandèng sanget kalijan Katholieke Actie, poenika katitik saking pranatan toemrap toentoenaning Katholieke Actie kalijan pakempalan-pakempalanipoen kaoem berah ingkang officieel (officieele werklieden-vereenigingen) ing babagan kasagedan oemoem, inggih algemeene ontwikkeling. Kadjawi poenika oegi katitik wonten ing adeging Instituto Italiano di attivita sociale, oetawi jajasan Katholiek Itali toemrap Katholieke Actie. Ing tanah-tanah mantja, actie Katholiek waoe inggih tansah kaoedi, sarta pikantoek pangaleman saking Roem, kadosta ing Oostenrijk, Tsjecho-Slowakije, Zwitserland lss. Ingkang makaten waoe nama sampoen leresipoen, djer sadaja actie ingkang ngawoela kabetahan oemoem, langkoeng² kedah katandjakaken dateng tetijang ingkang sangsara. Manaw kawontenan makaten poenika toemrap saben actie, dados inggih toemrap oegi dateng oemat Kath. ingkang anoelad paring Dalem toelada Sri Jésoes Kristoes. Djer, poenapa Sri Jésoes waoe boten djoemeneng mitra, djoeroe panglipoer, djoeroe ngajomi para miskin lan ingkang nandang sangsara? Soeprandéné inggih wonten sakedik kalih kedik bédanipoen djaman sapoenika kalijan kalih dasanan kapengker .... Kala samanten kasangsaranipoen kaoem berah ratjak langkoeng ageng. Wiwit samanten ing koekoeban sociaal sampoen katah prakawis-prakawis ingkang kasaèkaken, andjalari majaripoen kasangsaran-kasangsaran, satemah mahanani wontening kawontenan kadosta kèndelipoen Katholiek Sociaal Weekblad ing Nederland. Éwadéné toemrap nagari ingkang taksih kebak kabetahan sociaal kados ing Indonesia poenika, njinaoe toewin ngoedari prakawis-prakawis sociaal taksih dados kawadjiban angka satoenggal toemrah Katholieke Actie. Déné anggèn kita angrembag lan nindakaken sampoen mesti kémawon kedah toemindak manoet karsa dalem I. S. Kg. S. Rama, poenapadéné malih ambijantoe pakarjaning para ngoelama. (hiërarchisch episcopaat).

Minangka pamoengkas, sapoenika kados-poendi menggah gagandénganipoen Actie Katholiek Sociaal, kalijan Actie politiek? Gagandénganipoen actie kakalih poenika boten tansah sami, dalasan ing Itali kémawon inggih boten. Kadosta, kinten-kinten ing saantawisipoen taoen 1905 — 1919, tetijang sami meningi djaman actie politiek kalijan actie sociaal dipoenpangarsani tijang satoenggal (toenggil dados sapangarsa). Éwadéné toemrap Actie Katholiek Sociaal, tansah sanget winengkoe ing papatjoeh: koedoe ana sadjabaning politiek. Wiwit taoen 1919 pisahing actie politiek kalijan sociaal waoe dipoenagengaken, kadawoehaken kentjeng, wantos-wantos: Katholieke Actie kedah pisah babar pisan kalijan politieke actie! Mandar wawaton poenika wonten salebeting Concordaat kalijan Itali inggih dipoenlebetaken. Déné toemrap Kath. Actie nagari sanès, karsa dalem inggih soepados kados ing Itali, tegesipoen actie sociaal kedah kapisah saking actie politiek. Wawaton poenika oegi kadawoehaken wantos-wantos dateng para Biskop toewin panoentoen-panoentoen Katholiek ing nagari mantja, kadosta dateng Kg. Kardinal-Maha Biskop ing Breslau, para Biskop ing Litauen, dateng djéndral de Castenau, lss.

Poenapa ingkang dados nalaripoen dawoeh poenika? Ngarsa dalem pijambak paring wangsoelan: „Kajadéné pakarjaning Pasamoewan Soetji lan para ngoelamané, samono oega Katholieke Actie hija koedoe doedoe djasmani, koedoe rohani, lan mardika saka parté-parté” (Gelijk de taak der Kerk en Haar hiërarchisch apostolaat zoon moet ook de Katholieke Actie onstoffelijk en geestelijk wezen en onafhankelijk van de partijen).

Dados poenika bakoenipoen inggih amrih loehoering Katholieke Actie ingkang doemoenoeng wonten sadjawi lan sanginggiling parté-parté, kados Pasamoewan Katholiek.

Kadjawi poenika ngarsa dalem oegi ngandikakaken agenging pigoenanipoen manawi Katholieke Soc. Actie pisah kalijan politieke actie, i.p. ing salebeting politieke actie tetijang gampil ladjeng pasoelajan, mangka manawi wonten salebeting Actie Katholiek Sociaal saged sami njamboet damel sèsarengan.

Sapoenika ladjeng kados-poendi doenoenging pisahipoen Actie Sociaal kalijan Actie Politiek? Prakawis poenika prajogi kita oedari mawi watonipoen Katholieke Sociale Actie ing Holland ingkang ngawisi warganipoen boten kénging toemoet wonten salebeting paprangan politiek (verkiezingscampagnes); dados boten kénging njawoengaken candidaat; boten kénging ngedalaken serat sebaran oetawi sosorah-sosorah ingkang soeraosipoen notjogi oetawi boten notjogi kandidat-kandidat. Éwadéné sanadyan mekatena, ing salebeting pakempalan sociaal inggih kénging ngrembag dedasar-dedasar oemoem ingkang kedah dados papandoming politiek Katholiek; njinaoe wet-wet ingkang sesambetan kalijan kabetahan Katholiek oetawi koekoebaning economie; lan malah inggih kénging mahjakaken pamanggih toemrap wet-wet poenika waoe, nanging prakawis poenika langkoeng saé menawi pakempalan politiek ingkang nindakaken.

Wasana, manawi kita matitisaken babadipoen Sociaal Katholieke Actie waoe, kita ladjeng mangertos bilih doemadosipoen Katholieke Actie poenika sampoen wiwit djaman ka-


VAN LITH-STICHTING.

SOEMANGGA
SAMI NGERSAKAKEN
DADOS
CONTRIBUANT
V. L. S.

Pangrèh V. L. S.
BIJZ. H. I. S.
MAGELANG.

rasoelan (apostolischen tijd), sateroesipoen tansah pinarsoedi para gégémbong golongan wanita toewin prija. Lan sapoenikanipoen inggih taksih perloe sanget katindakaken langkoeng katimbang ingkang sampoen-sampoen déning katah tijang ingkang kalebetan ilmoe abritan, toewin oegi djalaran taksih majoetajoeta tjatjahing tijang ingkang dèrèng ngrasoek Agami Katholiek.

Mila sadaja kémawon kedah sami toemandang sengkoet nandangi Actie Katholiek Sociaal mawi-mawi tatakeraning kekijatan, banda, toewin kawontenanipoen pijambak-pijambak. Ingkang makaten poenika inggih soepados saged nglampahi dawoeh Dalem: „Loengaa lan moemoelanga kabèh bangsa apadéné warahen anglakoni apa-apa kang Ingsoen dawoehaké marang sira."

—

Sasampoenipoen poenika wonten sadèrèk sawatawis miterang prakawis ingkang gagajoetan Katholieke Actie kalijan politieke Actie dateng pandjenenganipoen prof. J.v.R. Nanging kabekta pandjenenganipoen boten saged tjara Djawi lan kosokwangsoelipoen ingkang ndatengi parepatan waoe boten sadaja damang basa Walandi, ingkang sami njoewoen katrangan mèh sadaja boten pikantoek wangsoelan maremaken.

Pitakènipoen oetoesan Soerakarta: „gèk poenapa ingkang tjalon tinandangan P. K. W. ing taoen ngadjeng, awit semoe-semoenipoen sampoen keroepaken teba, déning onderwijs lan economie sampoen tinandangan P.P.K.D."— pikantoek wangsoelan saking pandjenenganipoen prof. J.v.R.: „P.K.W. taksih saged tandang damel wonten kalangan onderwijs, economie, poenapadéné ambijantoe pakempalanipoen para nénéman, ngatahaken waosan saé, damel bibliotheek, jasa clubgebouw, damel tooneel, ngadani lezing-lezing, ngadani koersoes stenografie toewin typen, ngedegaken sakolahan-sakolahan, moemoelang Agami, lss. Tjekak taksih katah sanget prakawis sociaal ingkang kedah tinandangan!"

—

*PAREPATAN DINTEN NGAHAD, 16 Maart '30, wiwit djam 9,30 éndjing doemoegi 1,30, wonten gedong K. S. B. Ngajogjakarta.*

Ing dinten Ngahad waoe, djam 6 éndjing para oetoesan sami ndèrèk Mis Ageng ingkang kaoedjoebaken kanggé widadaning P.K.W.

Ingkang rawoeh ing parepatan taksih adjeg kados kala parepatan Ngahad sonten.

Sadèrèngipoen angrembag kados ingkang kaseboet ing agenda, oetoesan Magelang ngandaraken sebabipoen déné K.W. Magelang boten damel verslag poenapa-poenapa. Margi sakedikipoen gotrah Katholiek Magelang, kawontenanipoen K.W. awon, boten saged toemoet ngrembag oesoel² saking K.W. toewin P. K.W. Kabekta saking awoning kawontenan waoe, para warga sami moetoes soepados K.W. dipoenitjali kémawon, lan prakawis poenika boten soesah kakabaraken wonten Sw. T. Nanging ing Sw. T. ladjeng wonten verslag anggambar rembag-rembag itjalipoen K. W. Magelang ingkang ladjeng dipoentjéntang redactie pandjang lebar lan saged oegi damel seling serepipoen para Katholiek ingkang maos.

Oetoesan nerangaken bilih: a). Verslag waoe sanès officieel; b). Ingkang damel verslag tijang ingkang nenggani parepatan; c). Ingkang damel verslag waoe sampoen ngakeni lepatipoen sarta neda pangapoenten dateng pangrèh K. W. Magelang. Margi makaten waoe dipoensoewoen soepados tetijang sampoen sami seling serep, mastani Magelang ngemohi K.W. Malah kepara ngadjeng-adjeng toewin moemoedji sageda P. K. W. dalah K. W.-nipoen saja soeboer! Déné Magelang anggènipoen ngantos doemoegi kawontenan makaten waoe, boten lija namoeng kabekta saking sakedikipoen golongan Katholiek ing ngrikoe.

**A. Pilihan pangrèh:**

Doenoenging pangrèh pindah dateng Soerakarta.

Ingkang kapilih, R. Soemadisastra *pangarsa;* M. Martawihardja *moeda pangarsa;* S. Hardjasoebrata *panitra no. 1;* D. Poerwa Atmadja *panitra no. 2;* B. Djajaoetama *pangroekti arta.* Déné ingkang dados *djoeroe noepiksa:* I. Endrawahjana (Delanggoe), R. Hardawirjana (Ambarawa), Rm. Sastrawinata (Djokja), Rm. Soerjamoersandi (Moentilan).

**B. Oesoel-oesoel.**

*I. Babagan Swara-Tma.*

Oesoelipoen pangrèh P.K.W. babagan Sw. T. katampi ing parepatan kanti swara 39 tjotjog, 9 boten roedjoek. Ingkang roedjoek: Ambarawa, Moentilan, Poerwaredja, Medari, Djokja, Klatèn, Soerakarta, Gandjoeran.

Verslag-verslag K.W. taksih saged kawrat wonten Sw. T., richting taksih adjeg kados sapoenika.

Gandèng kalijan katampinipoen oesoel P. K. W. poenika, sadaja oesoel saking K.W. babagan Sw. T. boten saged karembag.

*II. Babagan van Lith Fonds.*

a). Van Lith Fonds kapoetoes kabibaraken. Banda tetilaranipoen katjaosaken Pangageng Missie (manoet statuten), mawi kapratélakaken sasanggèn-sasanggènipoen van Lith Fonds angragadi laré H. K. S. satoenggal, goeroe Agami ing Soerakarta, Mendoet toewin Semarang, lan kanti panjoewoenan soepados arta waoe ingkang sapérangan ageng wonten ingkang kaparingaken dateng van Lith Stichting afd. Studiefonds (djer van Lith Stichting poenika sasat pandjanmanipoen van Lith Fonds). P.K.W. gadah kapitadosan ageng bilih Pangagenging Missie inggih badé manggalih sasanggèn-sasanggènipoen van Lith Fonds kaseboet nginggil.

b). P.K.W. soeka kabar: van Lith Fonds ngatoeri tanda pangènget-ènget dateng sadèrèk Soemandar ingkang wiwit lahiripoen van Lith Fonds doemoegi sapedjahipoen tansah nglabeti, awoedjoed wadah mangsi.

*III. Babagan Roekti Woeri.*

1. Kasoewoen, soepados P.K.W. soeka pangoewaos dateng R. W. ngwontenaken parepatan pijambak, sabab warganing R.W. inggih katah ingkang boten dados warganing K. W. (K. W. NGAJODJA). Parepatan moepakat. Pamanggihing Pangrèh P. K. W.: Oesoel poenika soepados kaoendoer, awit kedah ngéwahi pranatan sarta R.W. kedah dados rechtspersoon.

2. K. W. ingkang wonten agènipoen R. W. soepados nglebetaken agèn waoe dados oetoesan wonten ing congres P.K.W. Ingkang makaten waoe gandèng kalijan anggènipoen R. W. inggih dados rembag wonten ing congres P.K.W. (K.W. NGAJODJA). Oesoel *katampi.*

3. Premie R. W. (Kadjengipoen: Verzekerd bedrag) moegi dipoenagengaken. (K.W. KLATEN).

Wangsoelaning Pangrèh: Sampoen setijar.

4. Warga ingkang apesipoen sampoen 13 woelan dados verzekerde, kénging sadé polisipoen dipoenregèni 90-persèning premie ingkang sampoen dipoensetoraken kapendet premie ing dalem setaoen. (Oesoel Pangrèh R.W.) Oesoel *katampi.*

**IV. Prakawis sanès-sanèsipoen.**

1. Njoewoen soepados sadèrèk: Djoepri Nitihardja, Harjadi toewin Soemabremani kalebetna wonten ing Pengrèh P.K.W. (K.W. AMBARAWA). Poetoesan: boten saged margi boten kadadosaken oetoesan.

2. Warga Bestuur P.K.W. adjeg, amargi dalemipoen sadèrèk warga Bestuur sampoen tjaket kalijan G.A. P.K.W. (K.W. BLITAR). Poetoesan: Boten saged. G.A. pindah Solo.

3. Bestuur kagantos sapalih; panggénan tetep wonten ing Ambarawa. (K. W. MEDARI). Poetoesan: Boten saged. G. A. pindah Solo.

4. Pangrèh P. K. W. kasoewoen pindah dateng ing Moentilan, amargi kamanah Ambarawa poenika tebih saking djagad pakempalan. Kasawoengaken dados Pangrèh padintenan R.J. DJAJA-ATMADJA. (K.W. NGAJODJA). Zie no. 3.

5. Panggénan congres tetep wonten ing Ngajodja. (K. W. MEDARI).

6. Congres kasoewoen wonten ing Soerakarta; lan manawi congres P. K. W. moegi kadamela samoea, dados boten njenjet kémawon kados ingkang sampoen-sampoen (K. W. NGAJODJA).

Wangsoelan Pangrèh: Ingkang badé kalampahan poenika teksih tetep wonten ing Ngajodja; déné saladjenipoen saé kapasrahaken beleid bestuur. *Parepatan moepakat.*

7. Moegi P.K.W. karsaa ambijantoe pakempalan DWIDJA SWARA woedjoed igoeh pratikel, banda baoe soekoe saha njiaraken (K. W. MEDARI). Oesoel poenika *katjaboet.*

8. K. W. Moentilan njaosaken adhesiebetuiging dateng Bestuur P. K.W. ingkang sampoen ngroedjoeki, bilih H.B.P.P.K.D. ngrembag babagan onderwijs lan economie.

9. Manawi wonten prakawis ingkang sakinten wohipoen langkoeng ageng saha badé gampil katjepengipoen jèn katindakaken dèning P. P.K.D. karsaa P.K.W. soeka palilah, soepados prakawis waoe katandangan P. P. K. D. kémawon. (K. W. MOENTILAN).

Pangrèh: Moepakat toemrap prakawis sawatawis sarta saben-saben kedah karembag roemijin kalijan P. K.W. Parepatan *moefakat.*

10. P.K.W. ngwontenana comité damel antjer-antjer tata-tjara kanggé tijang Katholiek Djawi. (K. W. KLATÈN). Kadjengipoen Klatèn, njoewoen soepados ing djagad Kath. wonten boekoe tata-tjara kados damelan Padmasoesastran kanggé gotrah Kath. Djawi, kadosta tata tjaranipoen ngroekti lajon, lss. — Sadaja K. W. dalah G.A. *ngroedjoeki.* Kapoetoes soepados saben K. W. damel komisi pijambak-pijambak djer tata tjara makaten ngrika kalijan ngriki boten mesti sami. Komisi K.W. waoe soepados nglapoeraken pakarjanipoen (pamanggih; antjer-antjer) dateng *Centrale commissie* jasan P.K.W. Centrale Commissie poenika manggèn ing Moentilan ing béndjing nggijaraken pamanggih-pamanggih, lan damel antjer-antjer tata tjara ingkang sakinten kénging dipenanggé panoetanipoen sadaja gotrah Kath. Djawi.

Warganing „Centrale Commissie tata tjara Kath. Djawi": R. Djaja Atmadja (pangarsa); S. Dwidjajoewana (panitra); A. Dwidja Atmadja; S. Dirdjasoesiswa; J. Darma Atmadja.

Kapoetoes a) sadaja tata-tjara ingkang gandèng kalijan wet, soepados kapasrahaken P. P. K. D. p/a F. Harjadi Mertajoedan; b) wragad Centraal Commissie ingkang njanggi P.K.W.

11. P. K. W. énggal njoewoena dateng Pangrèh Java-Instituut moerih warganipoen kakéngingaken andèrèk congresipoen kanti prabéja kados déné warganing pakempalan-pakempalan ingkang dipoenkéngingaken. (Toemraping Java-Instituut warganing P. K. W. oetawi K. W. wewenangipoen kasamia kalijan pakempalan sanès-sanèsipoen. (K.W. KLATEN).

Pangrèh P. K. W. badé setijar. Parepatan *roedjoek.*

12. P. K. W. njoewoena dateng ingkang wadjib, soepodos namaning pakempalan kadjadjaraken kalijan pakempalan-pakempalan sanèsipoen. Katrangan: Ing Volksalmanak taoen 1930 namaning pakempalan pinten-pinten kaseboetaken, ananging namaning pakempalan Katholiek Djawi satoenggal kémawon boten wonten; makaten oegi ing wara-waranipoen Java-Instituut. (K.W. Klatèn).

Prakawis poenika Pangrèh P.K.W. oegi badé setijar. Vergadering roedjoek.

**Pitakénan.**

Semarang. a.) Kénging poenapa dintenipoen parepatan taoenan kadawahaken wekdal kados makaten, boten kadawahaken woelan Sijam soepados K. W. ingkang tebih saged ngintoenaken oetoesan? — (Wangsoelan: P. G. H. B. lan P. P. K. D. woelan Sijam waoe sami damel congres. Badé kadawahaken sabakdanipoen congres P. P. K. D. leres, roemaos taksih ketjelaken letipoen).

b). Kénging poenapa P. K. W. anggènipoen soeka palilah P. P. K. D. angrembag prakawis onderwijs lan economie, boten mawi karembag roemijin kalijan pakempalan-pakempalan K. W.; ing mangka onderwijs lan economie poenika prakawis sociaal ingkang kalebet perloe! (Wangsoelan: prakawis poenika P. K. W. ngakeni lepatipoen.)

c). Prakawis onderwijs poenapa kapasrahaken babar pisan dateng P. P. K. D.? Pitakèn poenika dipoenoendoer!

***

Parepatan netepaken warga pagrèh P. K. W. ingkang kadadosaken warga *Onderwijs Commissie P. P. K. D.*, i. p. sadèrèk panitra P. K. W. énggal Hardjasoebrata.

## SAOS SEMBOELIH.

Saweg 2 Pébroeari riaja Dèwi Marijah noetjèkaken salira, Kangdjeng Santo Bapa paring nawala dateng Kangdjeng Kardinaal Basilio Pompili, Biskop ing Velletri sarta Vicaris-Generaal ing Roem.

Ing nawala ngrikoe Kangdjeng Santo Bapa ngandikakaken bab pangoeja-oeja lan piawon ing Roeslan.

Ing Roeslan poenika sadaja ingkang woedjoed Agami, dipoenkoeja-koeja. Mesti kémawon golongan Katoelik kadamel nomer satoenggal.

Swargi Kangdjeng Santo Bapa Benedictus XV sanget ing pangoedinipoen, soepados pangoeja-oeja itjala, pangoedi poenika kateroesaken dateng Kangdjeng Santo Bapa ingkang djoemeneng sapoenika, mawi lantaran Conferentie ing Genua poenapa, nanging sadaja tanpa tandja.

Ing Roeslan sinten kémawon ingkang katingal oetawi kadakwa nglampahi Agami ladjeng katjepeng, kapisakit, noenten kakoendjara, kaboetjal oetawi kapedjahan. Ing golongan Katoelik sokoer katah ingkang doemoegining pedjah taksih awatak satrija, boten poeroen njélaki Agaminipoen. Kangdjeng Patriarch Tychon mèh kémawon kasédanan. Margi saking pamoendoetipoen K. S. Bapa ladjeng kaloewaran.

Manoet pakabaran énggal poenika ing salebetipoen 3 woelan wonten synagoge (papan sembahjanganipoen tijang Jahoedi) kalijan mesdjid 200 ingkang kedah katoetoep, Grédjanipoen tijang Kristen wonten 980, poenika sadaja ladjeng kanggé goedang lsp.

Lontjèng-lontjèng lan wadah-wadah soetji kados déné pangoendjoekan ingkang kanggé ing Mis, sami dipoenpendeti, dipoendjèr, ladjeng kanggé poenapa, boten terang.

Dados poenika sadaja nélakaken jèn bangsa kommoenis Roeslan sengit sanget dateng Agami.

Saweg riaja wijosan Dalem Goesti Jésoes ing Moskou dipoenwonteni arak-arakan kanggé ngawon-awon Agami. Auto-auto momotan sami dipoenisèni bangsanipoen bonékah, poenika étok-étokipoen makaten para Biskop Katoelik lsp. Salib dipoenanggé dolanan ateges njenjamah dateng Goesti Jésoes.

Wah sampoen kesangeten ta jèn dipoentjrijosaken sadaja.

Anèhipoen poenika: Kangdjeng Santo Bapa sampoen paring oeroenan kanggé noeloengi laré 150.000 soepados sampoen ngantos pedjah kaliren, teka boten angsal dipoenteroesaken, oengelipoen tijang kommoenis Roeslan: „Bèné mati, tinimbang ditoeloengi wong Kath."

Mangsoeli ing nginggil: Kangdjeng Santo Bapa paring nawala dateng Kangdjeng Kardinaal Pompili, Vicaris-Generaal ing Roem poenika karsanipoen: „Kangdjeng Kardinaal ndikakaken tjetjawis, amargi Kangdjeng Santo Bapa ing riajanipoen Santo Joesoep (19 Maret) badé saos semboelih kanti semoewa.

Saking pamoendoetipoen Kangdjeng Santo Bapa: tetijang Katoelik sadjagad sageda ndèrèk saos semboelih ngiras njembahjangaken dateng para sadèrèk ing Roeslan ingkang sami kinoeja-koeja déning golongan kommoenis ingkang dipoenwastani „Pakoempoelané-pradjoerit-tanpa-Allah".

Mesti kémawon Kangdjeng Biskop ing ngriki boten béda karsanipoen kalijan Kangdjeng Santo Bapa, mila inggih kagoengan karsa, jèn ing tanah Djawi ngriki dipoenwonteni dinten sembahjangan (saos semboelih).

Ing Ngajodja (sanès panggénan boten terang, goemantoeng saking Pastoeripoen) wontenipoen sembahjangan (saos semboelih) kadawahaken ing dinten Ngahad 23 Maret, awit riajanipoen Santo Joesoep dawah dinten Rebo, dados rekaos kanggé sowan saos pangabekti. Ing Ngajodja Goesti sinéwaka wiwit bakda Mis wekasan doemoegi djam satengah satoenggal. Namoeng satengah dinten, soepados kataha ingkang sowan saos pangabekti.

Woesana saking pangadjeng-adjeng koela, sadaja sadèrèk Katoelik samia merlokaken njembahjangaken kanggé sadèrèk ingkang kinoeja-koeja ing Roeslan ngiras saos semboelih, amargi Goesti wonten ing ngrika kadamel gerah ing panggalih. Ingkang boten saged sowan ing Grédja, anggènipoen djoemeroeng inggih namoeng sasaged-sagedipoen kémawon.

poen P. D.

## AROEM DALOE, NING TENAN.

*Ala-ala oewong toewa, iketé sok malati.*

Jèn wonten laré alit kelebetan ketjik iroengipoen, poenika ratjakipoen tangga-tepalih sami goegoep andatengi, sasaged-saged badé tetoeloeng. Kilap wonten ingkang ambekta koempa, badé kanggé ngoempa iroengipoen. Kilap wonten ingkang ambekta tjapit, badé kanggé njapit ketjikipoen. Sadaja sami roemaos éman „Botjah bagoes-bagoes, nèk nganti bindeng soewarané, pijoeh-pijoeh apa ora éman-éman bagoesé."

Sampoen dados djamakipoen tijang sakit asring dipoentoewèni, tijang ingkang nembé kesripahan dipoenlajati. Sampoen nama roekoening doesoen tijang kobaran dipoentoeloengi, tijang kepandoengan dipoentandangi, tijang ngedegaken grija dipoenréntjangi.

Kados makaten poenika mila sampoen dados adat Djawi, inggih saréka-rékanipoen kedah-kedah roemaos badé tetoeloeng dateng ingkang saweg tampi tjetjobi inggih nandang karépotan. Temtoe kémawon wonten 1, 2, 3, 4, 27, 1930 ingkang njebal saking patokan poenika. Nanging ingkang njebal waoe ratjakipoen ingkang saweg dong ketjekapan, ingkang roemaos boten àmbetahaken tijang sanès. Oeger boten ngresahi sanès kémawon roemaosipoen sampoen tjekap, dados njelaki menawi wonten ing donja poenika tijang kedah loengtinoeloeng. Prijantoen ingkang makaten waoe kesoepèn, bilih baji lair poenika wonten ingkang noeloengi medalipoen, kesoepèn oegi, bilih tijang pedjah poenika wonten ingkang noeloengi nggretel, sagedipoen loemebet loewangan. Tapi soedahtah!

Saweg sanès iroengipoen pijambak ingkang kalebetan ketjik kémawon sampoen dospoendi-dospoendi anggènipoen badé toemandang tetoeloeng. O Iba ta manawi tijang waoe mireng, bilih doewoengipoen, doewoengipoen pijambak, ingkang wonten ing gantosan béndjang Setoe ngadjeng poenika badé dipoenlélang Goepermèn. Poenapa kintenipoen boten énggal njebrak-njebrak arta tangganipoen badé kanggé noetoeti poen doewoeng waoe?

— 0 —

Tijang wonten ing donja pinaringan gadoehan soewara, perloenipoen inggih kanggé njoewara, kanggé ngetingalaken nijatipoen. Tijang bisoe poenika leres saged ngedalaken kadjengipoen tanpa njoewara, nanging saking roemaos koela kerep-kerep toedang-toeding ndadak tanpa soewara, poenapa makaten poenika dangoe-dangoe boten nglingsemaken? Poenapa pareng soewara pandjenengan koela toembas? Poenapa pikantoek koela lintoni piet, Karèt betoel rodanipoen, ning piet merk Chevrolet? Poenapa kinten-kinten pareng soewara pandjenengan dipoen-gantos kados soewaranipoen Ari tooen? Manawi gadahan koela éman-éman.

Menggah ing saèstoenipoen soewara pandjenengan poenika ingkang kantoen namoeng kantoen sakedik. Ingkang èdi pèni sampoen pandjenengan gantosaken, sampoen pandjenengan tjitak wonten ing plaat gramofoon, pabrikipoen wonten ing Jodja. Merkipoen gramofoon waoe tjoendoek sanget kalijan soewaranipoen ingkang medal, inggih poenika merk S.T., menggah tegesipoen moeter Soewarané wong sing Oetama. Pandjenengan pijambak remen sanget mirengaken gramofoon waoe lan inggih kerep moeter, nanging kémawon pandjenengan awis-awis nglisahi, la sapoenika piripoen badé pe . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . dot.

Poenapa pandjenengan boten owel manawi piripoen waoe ngantos pedot saèstoe? Poenapa pandjenengan boten lingsem manawi dipoensaroewé tijang „Wong wong Djawa waé kok réka-réka ngingoe gramofoon, la koewi bareng pedot piré, ora gableg ndadani."

Soemangga sapoenikanipoen ingkang kagoengan. Éman-éman sanget, poenapa badé pandjenengan tégakaken. Kalijan malih manawi ing tembé badé wonten damel pari damel, gèk kados-poendi anggènipoen pendjenengan badé nindakaken. Poenapa ing Jodja kémawon dipoendamelaken kentongan ingkang ageng? Ladjeng mangké jèn wonten perloe, teroes dipoenkentongi kémawon saking Jodja, ning ré naboeh sing seroe? Jak la sing adoh-adoh dalemé, ndjoer kapeksa masang Radio, kanggo nampa soewaraning kentongan.

Soemangga sepisan engkas, moempoeng boten wonten laré kalebetan ketjik iroengipoen, moempoeng boten wonten tijang sakit, boten wonten tijang sripah, boten wonten tijang kebesmèn oetawi kepandoengan, ingkang wonten namoeng pir pedot. Soemangga poenika kémawon dipoenlisahi roemijin. Lisahipoen mirah kémawon, namoeng regi f 4,50*) saged kanggé setaoen. Lo mangké oebenging gramofoon rak ladjeng „moengser." Lo timbang Djoemoewah-Djoemoewah boten wonten poenapa-poenapa, mindak anjep.

Saawon-awonipoen soewara meksa kénging kanggé njoewara. Tinimbang boten njoewara, moendak kaja iwak loh. É, saawon-awonipoen soewara meksa kénging kanggé ngliling ingkang poetra. Poenapa inggih, ngliling ingkang poetra poenika, ming meneng-menengan waé? Kados-poendi anggèn pandjenengan ngoedang ingkang poetra „bésoek bèn dadi pijaji ija liek" jèn pandjenenganipoen tanpa soewara. Apa ija kelakon, ngoedang poetrané koewi njambat tanggané? Jak nijat ngadjak ora omah ning tenan.

3-3-'30 DUL ITOEDIJA.

## CORRESPONDENTIE.

Abonné No. 386 Soeara-Katholiek badé kaoeroes.

## -:- LARASATI -:-

### GESANG RERAJATAN TOEWIN DJAGAD SOCIAL.

**Wadjibing abdi dateng bendara.**

1. Abdi kedah ngaosi bendaranipoen, sebab poenika sampoen nama bendara, katetepaken mengagengi pijambakipoen. Pramila manawi wonten bendara ingkang kirang prajogi lampah tindakipoen, abdi inggih meksa kedah njoekani pangaos lan oermat kabekta saking anggènipoen dados abdi lan margi tijang waoe bendaranipoen. Temtoe kémawon abdi saged

*) Lisahipoen setaoen boten regi f 4,50. nanging regi f 6, kados ingkang sampoen kapatjak ing gramophoon, lan kapireng saha kasoemerepan déning para sadèrèk sadaja. Piripoen gramophoon badé pedot. (Sadèrèk Dul Itoedija kagoengan pamanggih makaten poenika, saking poendi soemangga), ateges sampoen alit merit namoeng kantoen del-ipoen kémawon; *poenika dèrèng!!* nanging inggih badé langkoeng saé manawi katah ingkang toemoet nglisahi. Toekang moeter saged matoer bilih sad. ingkang doemoegi sapoenika oeroen lisah, sateroesipoen inggih badé lestantoen oeroen. Sinten noesoel???????????? Red.


**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
**moerah**

DJOKJA — BANDOENG
Telf. 252 — Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

**Pembatja**
**SWARA TAMA,**

dengan bawa lembaran
Swara Tama
**dapat POTONGAN.**

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÉT
INGGIH NAMOENG

# MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON
DUNLOP — RIJWIELEN
R. I. W.

**Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!**

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

# KALAU BELI OBAT-OBAT

DJOKJA — DJOKJA

mémang tiada maoe pakai pertjoema, melainkan boeat djaga kesèhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar

**Djangan beli sama sekali.**

Obat-obat keloearan roemah² obat

MALIOBORO — **„RATHKAMP"** — MALIOBORO

soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA — **„RATHKAMP"** — DJOKJA

tanggoeng beli jang paling baik.
Djaga tjap „RATHKAMP"
dan „ERCEE"

**DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.**

Anak koela mbadjeng:

## ALOYSIA SOETARTI

lairipoen 25-2-1930.

BATANG 15-3-'30.

*Fabianus Mardjonèt*
*Wilhelmina Walgitanimah*

al.

*MANGOENSOEBRATA.*

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
**Toko DJOEN & Co.**

TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

**Semoea barang paling djempol,** dan **moerah sekali!**

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

**kawadahan ing blèg, netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kilo;**
**sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;**

TJÈT GILAP model B. kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50; 5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R. B. FRIELING,
**Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.**

## DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ambarawa | 6.-7.30. | Lamah | 5.30-6-8. | Pekalongan 8) | 7.30. | Soerabaja: | |
| Amboina | 7.30. | Lawang 5) | 7. | Pemalang 3) | 7.30. | Kepandjèn | 6-7-9. |
| Bagan Siapi-api | 7.30. | Madioen | 6-7.30. | Pemangkat | 8.30. | Anita Boul. | 6-7.30-9. |
| Bandoeng | 6-7.30-9. | Magelang | 7 9. | Poerwokerto | 7.30. | Soerakarta | 6-7-8.30. |
| Benkoelen | 7.30-9. | Makassar | 6-7.30. | Poerworedjo | 7-8.30. | Tandjoeng Balai | 7.30. |
| Blitar | 7.30. | Malang . | 6-7.15-8.30. | Pontianak | 7-8.30. | Tandjoeng Karang | 8. |
| Buitenzorg | 6-8. | Manado | 6-7.30. | Probolinggo | 7.30. | Tandjoeng Sakti | 7.30. |
| Cheribon | 7.30. | Medan | 6.30-8-8.30 (tjina). | Salatiga | 7.30. | Tara-Tara | 7.30. |
| Djember | 7.30. | | 9.30 (mal.). | Sambas | 6-8.30. | Tegal 2) | 7.30-9.30. |
| Djokja: | | Medari 6) | 7.30. | Sambong | 8. | Tering | 7. |
| Kampementstraat Eur. | 7-9. | Meester Corn. | 7-9. | Sawah Loento | 7-8.30. | Tjilatjap 8) | 7.30. |
| " Jav. | 6-8. | Mendoet | 6-7.30. | Sedajoe | 7. | Tjimahi | 6-8. |
| Kota Baroe | 6-7.30. | Modjokerto | 6-8. | Sedjiram | 5.45-8.30. | Tomohon | 7-8-9. |
| Djombang 1) | 7.30. | Moentilan | 5-6-8. | Semarang: | | Wates 7) | 7. |
| Fort de Kock | 7.30. | Muntok | 8. | Gedangan | 7-9. | Weltevreden: | |
| Gandjoeran 2) | 7. | Ngawi 7) | 7.30. | Bangkong | 6.30-8. | Waterlooplein | 5.45-7-9. |
| Gombong 3) | 7.30. | Padang | 7-8.15-9 (tjina). | Tjandi | 7. | Kramat | 6-8-9 (mal.). |
| Keboemèn 4) | 7.30. | Padang Pandjang | 7.30. | Randoesari | 7. | Wonosobo 8) | 7.30. |
| Kediri | 7.30. | Pajakoembo | 7.30. | Singkawang | 6.30-9. | Woloan | 8.30. |
| Klatèn | 7.30. | Palembang | 7-9. | Soekaboemi | 6-7.30. | | |
| Koeta Radja | 6.30-8. | Pasoeroean 1) | 7.30. | | | | |

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

milih pangéngéran sanès, pados bendara ingkang dipoenkadjengaken; ananging samangsa sampoen tetep soewita (ngabdi) bendara kasbat nginggil (boten saé lelampahanipoen) boten kénging boten kedah (kawadjiban) ngaosi lan mitoehoe, poenapa ingkang dados paréntahipoen. (Temtoe kémawon, manawi paréntahipoen saé). Katah kémawon abdi ingkang kirang oermat dateng bendaranipoen, kerep njatoer awon lan poeroen mabeni. Ingkang makaten poenika boten samestinipoen, boten prajogi. Ingkang katah-katah kabekta saking poenapa? saking anggènipoen kirang ngaosi; bendaranipoen dipoenanggep kados sesaminipoen manoengsa, sadjadjaripoen, ladjeng soepé dateng loehoering pangkat bendara; ing woesana soetik karèh, boten narimahaken manawi wonten ing ngandap, ladjeng medal kapoeroenanipoen, ingkang kirang nalar, badé ngetjakaken: sama rata sama rasa. Lah poenika lepat sanget.

2. Abdi kedah mbangoen mitoeroet dateng bendaranipoen. Rasoel Paoloes ngandika: kowé, batoer, dipada mitoehoe marang bendaramoe. Bendara ingkang kados-poendi? boten namoeng dateng bendara ingkang alim kémawon, ananging oegi ingkang kereng. Déné kowé para batoer, pada soengkema ing bendaramoe kanti wedi-asih kang kaja mestiné; adja ngemoengaké marang kang betjik sarta alim, oega marang kang boeteng. Makaten pangandikanipoen rasoel Pétroes.

Ing prakawis poenapa abdi kedah mbangoen mitoeroet dateng bendaranipoen? Boten ngemoengaken prakawis ingkang katetepaken ing kalimrahanipoen kaoem berah lan ingkang mberahaken, nanging inggih ing prakawis tek kliwering grija toewin sadaja ingkang moerih saénipoen abdi. Awit bendara poenika boten namoeng kados toekang mberahaken, ananging langkoeng-langkoeng malah dados pangagenging grija, ingkang kawadjiban ndjagi tata tentrem toewin saéning brajat oetawi ingkang kaéwokaken dados brajatipoen. Mila abdi anggènipoen nggarap pandamelan kedah ngetog karosanipoen lan kasregepanipoen, sampoen namoeng manawi kasoemerepan bendara kémawon anggènipoen srempeng ing damel; poenapa malih kedah manoet kersanipoen bendara, boten nggegegi kadjengipoen pijambak.

3. Abdi kedah ngatos-atos panggarap toewin pangrimatipoen barang ingkang kapasrahaken ing pijambakipoen; boten kénging mendet oetawi njoekakaken dateng tijang sanès tanpa angsal idin bendaranipoen.

Kedjawi infikang kasbat nginggil poenika sadaja, abdi kawadjiban ndjagi pradjanipoen bendara; dados boten kénging njarijosaken kawontenan ing ngrikoe ingkang kirang prajogi; sanadjan sampoen boten ngabdi pisan, inggih meksa dipoenawisi.

Bedja abdi ingkang soemerep toewin nindakaken kawadjibanipoen kanti temen-temen, bedja abdi ingkang soemerep dradjadipoen dados abdi.

A.

# OERAP-SARI.

### Digoel kabibaraken??

Pamirengipoen *Het Nieuws*, manoet palapoeran-palapoeran andjalari wontening sabab-sabab perloe ngantos Nagari angarsakaken bibaring kolonie kominis ing Digoel. Karsanipoen Nagari inggih boten kok ladjeng ngetjoelaken tetijang boetjalan waoe. Nanging sapriki dèrèng wonten poetoesan kadospoendi anggènipoen badé ngawatawati tetijang waoe. Gandèng kalijan prakawis nginggil lid R. v. I. W. P. Hillen salebetipoen woelan April kadawoehan mriksa Digoel, dipoenbijantoe J. W. A. Boots, ass. resident alg. bestuursdienst Djawi Kilèn.

### Pengobéngan ing Lasem boten saé.

Warga Raad Kawoela toewan Soetadi miterang bab papriksan ingkang katindakaken wonten pangobéngan ing Lasem.

Directcur Justitie mr. Schrieke paring katrangan ingkang soeraosipoen makaten:

Ing Lasem ing salebeting panggaotan ambatik pantjèn njata katah prakawis² lan pranatan-pranatan ingkang boten pantes, kadosta: nganiaja tijang èstri, njahak kamardikan, soeka grija pondokan boten pantes, njengklong bajar boten moerwat, matrapaken denda toemrap kalepatan alit-alit, lss. Langkoeng-langkoeng pangobèng nglebet (tijang èstri ingkang anggènipoen njerat inggih wonten pangobéngan ngrikoe) poenika ingkang ngraosaken pamalinder kaseboet nginggil.

Nalika katiti-priksa katitik katah soedagar Tionghoa ingkang roemaos wenang moerba misésa babarpisan toemrap koeli-koelinipoen.

Kanggé njegah soepados koelinipoen boten mladjeng dateng pangobéngan sanès, eigenaar-eigenaar pangobéngan sami anindakaken tjara njamboeti katah, dateng pangobèngipoen.

Kadjawi poenika inggih kadjagi sampoen ngantos pangobèngipoen wangsoel dateng grijanipoen pijambak. Kawontenan makaten poenika andjalari toewoehing pranatan ngawrat-awrati, i.p. pangobèng-pangobèng waoe wonten ingkang mawi tanggelan. Tegesipoen: manawi ngantos wonten koeli èstri wani minggat poenika bot répotipoen dados tatanggelanipoen ingkang nanggel. Djoeragan-djoeragan batik, sémah lan anak-anakipoen sami andjagi sanget sampoen ngantos tijang ingkang mawi tanggelan waoe minggat oetawi perlop dangoe.

Malah mitoeroet palapoeranipoen toewan de Kat Angelino wonten lalampahan ingkang saèstoe langkah saking wates, kadosta wonten pangobèng ingkang ngantos tigang taoen boten naté angsal mantoek, boten naté kapanggih anak bodjonipoen. Mandar nalika ingkang djaler sakit, pamit mantoek inggih boten angsal.

Djoeroe ngobèng tijang èstri, gadah anak oemoer 6 taoen. Nalika laré waoe sakit, poen bijoeng boten pikantoek mantoek, ngantos kalampah laré waoe pedjah wonten pangobéngan ngrikoe.

Bab grija pondokan inggih saklangkoeng awon. Pangobèng nglebet katilemaken wonten goedang (loods) kalijan anak-anakipoen.

Djoeragan-djoeragan sampoen sami katjarijosan poendi pranatan-pranatan ingkang kénging lan boten kénging katindakaken.

Papriksan batikindustrie sapoenika sampoen rampoeng, palapoeranipoen badé kaoemoemaken. Arbeidsinspectie tansah ngawasaken pakarjan-pakarjaning laré lan tijang èstri.

### Kasangsaran margi long.

Ing doesoen Kemasan, o.d. Bandjaran Prijangan, wonten laré nama Oeri nglebetaken obat kalijan boengsetan mertjon wonten pipan, ing pangangkah sageda moengel kados bedil. Nanging sareng moengel saèstoe pipan waoe soemjoer ngèngingi goeloenipoen Oeri, teroes pedjah sanalika. (A. I. D.).

### SAKING NGAJOGJAKARTA.

*Kaoendoer.* Wonten Sw. T. Djoemoewah kapengker, kapratélakaken bilih malem Minggoe 15/16 Maart, P. S. I. I. ngawontenaken protestvergadering. Nanging kawoesananipoen, protestvergadering poenika waoe boten saèstoe doemawah dinten kaseboet... kaoendoer doemawah malem Ngahad 22/23 Maart. Anggènipoen kaoendoer waoe margi sadèrèk H. A. Salim kalijan A. M. Sangadji ingkang tjalon njolangakan prakawis Islam kalijan mardikanipoen Indonesia, alangan.

*Taman Siswa.*

Salebetipoen woelan Sijam, wonten moerid Taman Siswa Ngajogja djaler-èstri ± 20 sami dolan (excursie) saking Madioen dateng Sarangan. Prakawis poenika boten dipoensoemerepi pangageng Taman Siswa, nanging sadaja ingkang toemoet sampoen pikantoek palilahing tijang sepoehipoen. Ingkang noentoen excursie waoe sawenèhing goeroe T. S. Nanging kala samanten ladjeng wonten lalampahan: goeroe djaler kakalih, moerid èstri satoenggal lan magang goeroe èstri satoenggal, sami . . . . . . . . . . . Sasampoenipoen kalapoeraken dateng Ki Hadjar Déwantara toewin Raad Taman Siswa, ingkang sami kalepatan waoe dipoenpotjot saking kalangan T. S. . . . Makaten tjarijosipoen „Bekas Moerid" wonten *Bintang Mataram.*

Redactiening serat kabar ing nginggil poenika soeka tjéntangan: . . . . . . . . „sebab itoe, tjara vrije omgang jang keliwat-liwat, haroes ditjegah soepaja nafsoe binatang sering timboel didada manoesia, bisa ditjegah." Tjéntangan makaten poenika sampoen mesti kémawon sanget dipoensaroedjoeki Sw. T.

*Ngleresaken.* Ing Sw. T. no. 11 panggénan verslag P. P. K. D. wonten kalintoenipoen pamatjak. Motie P. P. K. D. I + II, leresipoen bab énggal, doemoenoeng sangandap verslag P. P. K. D. Sangandap motie no. II, leresipoen wonten oengel-oengelan: *sadèrèk I. K. Endrawahjana ladjeng sosorah* bab *„Tatanèn Djawi."* enz.

Ing *„Ontjèn"* ingkang kolom II ngandap: *kapétangipoen* wangsoel dateng tanah kalahiran . . . . enz, leresipoen *„kapénginipoen"* — *Njoewoen pangaksama! (Corrector).*